



# The Multilingual Library for Children in Europe

**Haitian Traditional Story**  
Haitian Creolo language version



“Fairy tales are more than true:  
not because they tell us that dragons exist,  
but because they tell us that dragons can be beaten.”

Neil Gaiman



### Multilib Project Partnership

**Viksjöfors Skola**  
Viksjöfors, Sweden  
**Project Coordinator**  
Helena Ehrstrand

**The Mosaic Art Sound Ltd**  
London, United Kingdom  
Teresa Dello Monaco

**International Yehudi Menuhin Foundation**  
Brussels, Belgium  
Marianne Poncelet

**Language School PELIKAN**  
Brno, Czech Republic  
Dáša Ráček Pelikánová

**Technical University of Crete**  
Chania - Crete, Greece  
Nektarios Moumoutzis

**Cukurova University**  
Adana, Turkey  
Figen Yilmaz

### Authors:

<b>Swedish</b>	Traditional Modern	Traditional unknown Viksjöfors school children year 4
<b>Kurdish</b>	Traditional Modern	Adaptation from Aesop's Fables Viksjöfors school children year 4
<b>English</b>	Traditional Modern	Oscar Wilde James Blake
<b>Tibetan</b>	Traditional Modern	Team led by Jamyang Dhomdup Team led by Jamyang Dhomdup
<b>Belgian</b>	Traditional Modern	Traditional Story from the Ardennes Marianne Poncelet
<b>Haitian</b>	Traditional Modern	Team work led by Marlène Dorcena Team work led by Marlène Dorcena
<b>Czech</b>	Traditional Modern	Karel Jaromír Erben Tereza Sokolíček
<b>Russian</b>	Traditional Modern	Traditional Unknown Team work led by Natalia Gigina
<b>Greek</b>	Traditional Modern	Vitsentzos Kornaros Nikos Blazakis
<b>Armenian</b>	Traditional Modern	Team work led by Mary Baritaki Team work led by Mary Baritaki
<b>Turkish</b>	Traditional Modern	Traditional unknown Halil İbrahim Halaçoğlu
<b>Arabic</b>	Traditional Modern	Team led by İnana Abdelli Team led by İnana Abdelli

### Illustrator:

<b>Swedish</b>	Traditional Modern	Ida Uddas Ida Uddas
<b>Kurdish</b>	Traditional Modern	Saad Hajo Saad Hajo
<b>English</b>	Traditional Modern	Christopher Mallack Christopher Mallack
<b>Tibetan</b>	Traditional Modern	Leona Tsiara Leona Tsiara
<b>Belgian</b>	Traditional Modern	Amélie Clément Amélie Clément
<b>Haitian</b>	Traditional Modern	Marianne Poncelet Benela Desauguste
<b>Czech</b>	Traditional Modern	Kateřina Kroupová Kateřina Kroupová
<b>Russian</b>	Traditional Modern	Barbara Dorušincová Barbara Dorušincová
<b>Greek</b>	Traditional Modern	Nikos Blazakis Nikos Blazakis
<b>Armenian</b>	Traditional Modern	Maria Xanthaki Maria Xanthaki
<b>Turkish</b>	Traditional Modern	Firuze Engin Firuze Engin
<b>Arabic</b>	Traditional Modern	Firuze Engin Firuze Engin



Paolo Cremona Layout design:

English Editing: Sean McManaman



# Ti Fi-a ak Ti pyie zoranj-la

Haitian Traditional Story  
Haitian Creolo language version

---

*Author:* Marlène Dorcena

*Illustrator:* Marianne Poncelet



Yon jou, yon tifi ki te rete kay bèlmè-l. Men, bèlmè a pat renmen ti fi-a . Li te maltrete-l, li bat li tout la sent jounen. Li pa janm ba-l manje se kay vwazinaj pou ti fi-a al manje.

Yon jou, bèlmè a te mete twa zoranj sou yon tab. Tifi a te grangou, li manje youn nan zoranj yo. Lè bèlmè a te vini, li wè manke yon zoranj. Li di tifi a : « Ki yès ki te manje youn nan zoranj yo ? ». Tifi a di li : « Se mwen menm wi bèlmè-m. Mwen te grangou, mwen manje youn nan zoranj yo.» Bèlmè a di li : « Poukisa ou pat detere manman-w ?»

Tifi a tonbe kryé. Li kriye, li kriye, li kriye epi li pran gren zoranj lan. L'ale kote manman-l te antere-a. Li tonbe kriye sou tonm manman-l. Li kriye, li kriye, li kriye, li fouye yon ti twou, li mete gren zoranj lan. Li di : « Manman mwen bèlmè-m ap touyè'm pou yon ti zoranj».

Epi tifi a koumanse chante :

« Ti pye zoranj pouse, pouse !

Ti pye zoranj pouse, pouse !

Bèlmè pa manman-w tande ?

Bèlmè pa papa-w tande ?

Ti pye zoranj pouse, pouse ! »

O, O, ti pye zoranj leve. Tifi a sezi. Li kontinye chante :

« Ti pye zoranj grandi, grandi !

Ti pye zoranj grandi, grandi !

Bèlmè pa manman-w tande ?

Bèlmè pa papa-w tande ?

Ti pye zoranj grandi, grandi ! »



O, O ti pye zoranj grandi. Tifi a sezi. Li kontinye chante :

« Ti pye zoranj monte, monte !

Ti pye zoranj monte, monte !

Bèlmè pa manman-w tande ?

Bèlmè pa papa-w tande ?

Ti pye zoranj monte, monte ! »

O, O, tifi a wè ti pye zoranj monte. Tifi a sezi. Li kontinye chante::

« Ti pye zoranj fléri, fléri !

Ti pye zoranj fléri, fléri !

Bèlmè pa manman-w tande ?

Bèl-mè pa papa-w tande ?

Ti pye zoranj fléri, fléri ! »





O, O, ti fi a wè ti pye zoranj fléri. Ti fi a sezi. Li kontinye chante:

« Ti pye zoranj kalé, kalé !

Ti pye zoranj kalé, kalé !

Bèlmè pa manman-w tande ?

Bèlmè pa papa-w tande ?

Ti pye zoranj kalé, kalé ! »

O, O, tifi a wè ti pye zoranj kalé. Tifi a sezi. Li kontinye chanté :

« Ti pye zoranj grosi, grosi ! Ti pye zoranj grosi, grosi !

Bèlmè pa manman-w tande ?

Bèlmè pa papa-w tande ?

Ti pye zoranj grosi, grosi ! »



O, O tifi a wè ti pye zoranj grosi. Tifi sezi. Li kontinye chante :

« Ti pye zoranj minon, minon !

Ti pye zoranj minon, minon !

Bèlmè pa manman-w tande ?

Bèlmè pa papa-w tande ? T

i pye zoranj minon, minon.»

O, O tifi a wè ti pye zoranj mi. Tifi sezi. Li kontinye chante :

« Ti pye zoranj sicré, sicré !

Ti pye zoranj sicré, sicré !

Bèlmè pa manman-w tande ?

Bèlmè pa papa'-w tande ?

Ti pye zoranj sicré, sicré ! »



Alo la, tifi a monte pye zoranj lan. Li pran yon zoranj, li goute si zoranj lan dous. Li wè zoranj lan dous ampil. Li manje zoranj, li manje zoranj jiskaske vant li plin. Li pran dis zoranj, li mete nan yon djakout, li pote kay bèlmè a, li depoze zoranj yo sou tab la.

Bèlmè a di li : « Kote ou te ye depi tan sa ? ».

Tifi a di : « E byen, ou tap touye-m pou yon zoranj mwen te manje pou. Mwen pote dis zoranj po-w oyie de yon ». Bèlmè a goute yon nan zoranj yo. Li wè li dous ampil. Li di : « Koman- w tap fè pou-m mal pran zoranj nan pye zoranj ti fi a ? E byen m-ap ba-l ti bourik la m-ap voye-l nan mache byen lwin pandan tan sa, m-ap monte zoranj la ».



Li di tifi a : « Pran ti bourik la, ale nan mache, al fè pwovzyon pou mwen ».

Tifi a pran ti bourik li, l-ale. Men, li konnen bèl mè a pral monte zoranj lan. Li kouri bourik la vit, li bat bourik la, l'achte tout bagay yo vit, epi li retounen vit.

Bèlmè a monte zoranj la. Lè tifi a rive nan kay li, li pa jwen bèl mè a. Li kouri ale kote pye zoranj lan ye. Lè li rive li wè bèlmè a sou pye zoranj lan, li chita, li ouvri zèl li, l'ap manje zoranj la kon si pye zoranj lan se pou li.

Tifi a di li : « Sa w-ap fè sou pye zoranj lan ? Jan wap f-m pase mizè epi ou sou pye zoranj mwen a, w-ap manje zoranj mwen a ».





Tifi a tonbe chante :

« Ti pye zoranj monte, monte !

Ti pye zoranj monte, monte ! Bèlmè pa manman-w tande ? Bèlmè pa papa-w tande ? Ti pye zoranj monte, monte ! »

O, O, ti pye zoranj monte, li monte, li monte, li monte. Lè tifi a wè ti pye zoranj lan vle touche syel la, li di :

Ti pye zoranj kase, kase ! Ti pye zoranj kase, kase! Bèlmè pa manman-w tande? Bèlmè pa papa-w tande? Ti pye zoranj kase, kase!

Ti pye zoranj kase KOOOOO. Bèlmè a tonbe nan mitan lan mè. Li pa konn naje, li twou-mouri nan lan mè a. Tifi a vanje bèl mè a pou tout mizè li tap fè pase yo epi sepase mwen tap pase ti fi a ba mwen yon ti kalot, mwen vin tonbe la pou'm rakonte nou ti istwa sa





The Multilingual Library for Children in Europe

Project number: 2016-1-SE01-KA201-0221018



Co-funded by the  
Erasmus+ Programme  
of the European Union



The European Commission support for the production of this publication does not constitute an endorsement of the contents which reflects the views only of the authors, and the Commission cannot be held responsible for any use which may be made of the information contained therein.

This work is licensed under the Creative Commons Attribution-Share Alike 4.0 International License. To view a copy of this license, visit <http://creativecommons.org/licenses/by-sa/4.0/>.

[www.multilibproject.eu](http://www.multilibproject.eu)